DEWAN DA'WAH
KABUPATEN BANTUL

Naskah
Khutbah Jum'at

Dewan Da'wah Bantul



Rekening Donasi Dakwah
BSI BANK SYARIAH INDONESIA
899 0000 997
a.n. Dewan Dakwah Bantul

Khutbah Jumat
DEWAN DA'WAH KAB. BANTUL

Edisi : 0046/Tahun VI/ 2026 *13 November 2026 M/ 4 Jumadil Akhir 1448 H*

Kuwajiban Bapak Tumrap Panggulawenthahing Anak

Oleh: Ust. Zainudin Wafa

Khutbah I

اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ الَّذِي أَمَرَنَا بِتَرْبِيَةِ أَوْلَادِنَا عَلَى الْإِيْمَانِ وَالْأَخْلَاقِ الْكَرِيْمَةِ، وَجَعَلَ الْأَبْنَاءَ أَمَانَةً فِي أَعْنَاقِ الْآبَاءِ وَالْأُمَّهَاتِ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلٰهَ إِلَّا اللّٰهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيْكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُوْلُهُ. اَللّٰهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ، وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ أَجْمَعِيْنَ.

أَمَّا بَعْدُ، فَيَا أَيُّهَا الْمُسْلِمُوْنَ، أُوْصِيْكُمْ وَإِيَّايَ بِتَقْوَى اللّٰهِ، فَقَدْ فَازَ الْمُتَّقُوْنَ. يَا أَيُّهاَ الَّذِيْنَ ءَامَنُوا اتَّقُوا اللّٰهَ حَقَّ تُقَاتِهِ وَلاَ تَمُوْتُنَّ إِلاَّ وَأَنتُمْ مُّسْلِمُوْنَ. قَالَ اللّٰهُ تَعَالَى فِي الْقُرْاٰنِ الْعَظِيْمِ. أَعُوْذُ بِاللّٰهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيْمِ بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ, وَإِذْ قَالَ لُقْمَانُ لِابْنِهِ وَهُوَ يَعِظُهُ يَا بُنَيَّ لَا تُشْرِكْ بِاللّٰهِ ۖ إِنَّ الشِّرْكَ لَظُلْمٌ عَظِيْمٌ

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772

Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul

Ma'asyiral muslimin rahimakumullah,

Kita asring mireng unen-unen bilih lare-lare menika dados masa depanipun bangsa. Kados dene unen-unen wicaksana ingkang ngendika:

شُبَّانُ الْيَوْمِ رِجَالُ الْغَدِ

"Para mudha ing dina saiki minangka calon pemimpin ing tembe mburi."

Nanging, wonten satunggaling pitaken ingkang wigatos sanget kangge kita penggalihaken: Sinten ingkang gadhah tanggel jawab nyawisaken masa depan kasebat?

Jawabipun: mboten sanes inggih menika kulawarga, mliginipun bapak lan ibu, minangka pendidik ingkang kapisan lan utami tumrap putra-putrinipun.

Bangsa ingkang ageng mboten namung mbetahaken generasi ingkang pinter ing babagan kawruh, nanging ugi mbetahaken generasi ingkang kiyat kapribadenipun, jujur tindak-tandukipun, wantun mbelani bebener, gadhah raos peduli dhateng sesami, saha mboten gampil lampah khiatan ing amanah.

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul

Awit saking menika, kapinteran ingkang mboten dipun lambari moralitas saged nuwuhaken tiyang-tiyang ingkang pinter nindakaken manipulasi. Panguwaos ingkang mboten dipun landhesi integritas saged nuwuhaken panindhesan. Dene ngelmu ingkang mboten dipun sartani tanggel jawab saged dipun ginakaken kangge ngrugekaken tiyang sanes.

Ma'asyiral muslimin rahimakumullah,

Pendhidhikan karakter tumrap para mudha mboten cekap menawi namung dipun pasrahaken dhateng sekolah, pesantren, utawi lembaga pendhidhikan sanesipun. Pendhidhikan karakter kedah dipun wiwiti saking griya, lumantar tuladha ingkang sae saking bapak saha ibu.

Wonten sawetawis tahapan pendhidhikan ingkang kedah dipun tindakaken dening saweneh bapak tumrap putra-putrinipun, inggih menika:

Sepisan, nanem raos iman saha tanggel jawab moral. Allah ﷻ paring piwulang ingkang aji sanget lumantar cariyosipun Luqman nalika ndhidhik putranipun. Allah ﷻ ngendika wonten ing QS. Luqman ayat 13:

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul

وَإِذْ قَالَ لُقْمَانُ لِابْنِهِ وَهُوَ يَعِظُهُ يَا بُنَيَّ لَا تُشْرِكْ بِاللَّهِ ۖ إِنَّ الشِّرْكَ لَظُلْمٌ عَظِيمٌ

"Lan (elinga) nalika Luqman ngendika marang putrane, nalika dheweke paring piwulang: Dhuh anakku! Sira ojo nyekutokake Allah. Satemene nyekutokake Allah iku kalebu laku zhalim kang gedhe."

Sumangga kita gatosaken kados pundi Al-Qur'an nggambaraken pendhidhikan satunggaling bapak dhateng putranipun. Luqman mboten miwiti pendhidhikan kanthi ngendelaken arta bandha, kalenggahan, utawi kasil ing babagan donya. Nanging, piyambakipun miwiti kanthi nanem iman tauhid, inggih menika dhasar keimanan saha kesadharan moral.

Salajengipun, Luqman ugi paring piwucal ing putranipun supados ngabekti dhumateng tiyang sepuh, tansah emut bilih Allah tansah ngawasi sedaya tumindakipun, nglampahi shalat, ngajak dhateng kabecikan, nyegah tumindak kemungkaran, sabar, saha tansah njagi tata krama wonten ing pasrawungan. Malah wonten ing QS. Luqman ayat 17, Allah ﷻ ngendika:

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul

يَا بُنَيَّ أَقِمِ الصَّلَاةَ وَأْمُرْ بِالْمَعْرُوْفِ وَانْهَ عَنِ الْمُنْكَرِ وَاصْبِرْ عَلَىٰ مَا أَصَابَكَ ۖ إِنَّ ذٰلِكَ مِنْ عَزْمِ الْأُمُوْرِ

"Dhuh anakku ! Tindakno shalat, lan ajaken manungsa supaya nindakake kabecikan saha cegahen saka laku olo. Lan sabaro sira ngadhepi sakabehe perkara kang tumiba ing sira. Satemene kang mengkono iku kalebu perkara kang kudu diugemi kanthi temen."

Inggih menika satunggaling pendhidhikan karakter ingkang sejatosipun. Bapak kedah saged mbentuk karakter putra-putrinipun supados gadhah watak kendel, inggih menika wantun ngendikakaken bilih ingkang leres menika leres, wantun nampik perkawis ingkang lepat, wantun ngakeni kalepatanipun piyambak, saha wantun tanggel jawab dhateng sedaya tumindakipun.

Putra-putri mboten cekap namung dipun wucal dados tiyang ingkang sukses. Nanging, kedah dipun bimbing supados dados tiyang ingkang sae, tanggel jawab, saha saged migunakaken kasil saha kasuksesanipun kangge kabecikan lan kemaslahataning sesami.

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul

Ma'asyiral muslimin rahimakumullah,

Kaping kalih, tiyang sepuh kedah dados tuladha ing babagan laku kabecikan. Wonten satunggaling kasunyatan ingkang kedah kita mangertosi. Anak-anak langkung gampil niru tindak-tandukipun tiyang sepuh tinimbang namung mirengaken pitutur saha nasehatipun.

Satunggaling bapak saged kemawon paring piwucal ing putranipun supados tansah jujur saha mboten ngapusi. Nanging, menawi wonten ing kulawarganipun asring kadadosan intrik, mboten netepi janji, saha tindak-tanduk ingkang kados dolanan dhedhelikan, mila pendhidhikan moral ingkang dipun paringaken dados ical maknanipun.

Ing ngriki kita saged mangertosi bilih pendhidhikan karakter ingkang paling efektif inggih punika lumantar tuladha nyata ing gesang padintenan. Rasulullah ﷺ ngendika:

كُلُّكُمْ رَاعٍ وَكُلُّكُمْ مَسْئُوْلٌ عَنْ رَعِيَّتِهِ، وَالرَّجُلُ رَاعٍ فِي أَهْلِهِ وَمَسْئُوْلٌ عَنْ رَعِيَّتِهِ

"Sira kabeh iku minangka pemimpin, lan saben-saben saka sira bakal dipundhuti tanggungjawab

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul

kepemimpinan. Sawiji wong lanang iku dadi pemimpin tumrap kulawargane, lan bakal dipundhuti tanggungjawab marang kulawarga kang dipimpin." (HR. Bukhari lan Muslim).

Kepemimpinan satunggaling bapak mboten ateges nguwasani utawi ndominasi kulawarga, nanging kedah saged paring pitedah, pangayoman, tuladha ingkang sae, saha pendhidhikan.

Bapak kedah wantun nyuwun pangapunten menawi lepat, wantun ngendika jujur sanajan awrat, saha wantun nampik tumindak ingkang mboten leres, sanajan wonten bebathen ingkang dipun iming-imingi.

Ma'asyiral muslimin rahimakumullah,

Kaping tiga, nanem jiwa patriotisme, inggih punika watak wantun mbelani bebener. Patriotisme inggih punika sikap wantun mbelani bebener. Sikap menika saged dipun wujudaken kanthi nyata lumantar raos tresna dhateng kampung halaman saha tanah air, ingkang dipun buktikaken kanthi siap siaga njagi, mbangun, saha paring pangabdian ingkang paling sae tumrap bangsa, negara, saha agami. Allah ﷻ ngendika wonten ing QS. An-Nisa ayat 135:

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul

يَا أَيُّهَا الَّذِيْنَ آمَنُوْا كُوْنُوْا قَوَّامِيْنَ بِالْقِسْطِ شُهَدَاءَ لِلّٰهِ وَلَوْ عَلٰى أَنْفُسِكُمْ أَوِ الْوَالِدَيْنِ وَالْأَقْرَبِيْنَ

"Hei wong kang padha iman! Dadio sira tansah njejegake keadilan lan dadio seksi karana Allah, senajan uga tumrap dhiri pribadhine dhewe, utawa tumrap wog tuwa lan para sanak kadang."

Ayat menika paring piwucal ing kita bilih keadilan kedah dipun jejegaken tanpa mbenten-mbentenaken sinten kemawon. Bebener mboten kenging dipun kawonaken namung jalaran hubungan kulawarga, kapentingan golongan, kalenggahan, utawi panguwaos.

Kita kedah gadhah raos kendel kangge ngleresaken menawi wonten panyimpangan saha tumindak ingkang lepat. Rasulullah ﷺ ngendika:

مَنْ رَأَى مِنْكُمْ مُنْكَرًا فَلْيُغَيِّرْهُ بِيَدِهِ، فَإِنْ لَمْ يَسْتَطِعْ فَبِلِسَانِهِ، فَإِنْ لَمْ يَسْتَطِعْ فَبِقَلْبِهِ، وَذٰلِكَ أَضْعَفُ الْإِيْمَانِ

"Sapa wae ing antarane sira ngadhepi anane tumindak kemungkaran, mangka kudu ngowahi kanthi tangane. Menaw boten saged, kanthi lesanipun. Menawi ugi boten saged, kanthi manahipun, lan ingkang

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul

mekaten punika minangka tataran iman ingkang paling asor."(HR. Muslim).

Hadits menika paring piwulang bilih satunggaling tiyang Muslim boten kenging namung meneng kemawon nalika sumerep wonten tumindak kemungkaran.

Nanging, ngowahi kemungkaran kedah dipuntindakaken kanthi ngelmu, kawicaksanan, cara ingkang leres, saha kanthi nimbang kemaslahatan lan kewenangan ingkang dipungadhahi.

Mbelani bebener boten ateges mbeneraken tumindak kasar, ngina tiyang sanes, utawi tumindak hakim piyambak tanpa nggatekaken pranatan ingkang wonten.

Sampun ngantos putra-putri kita tuwuh dados generasi ingkang ajrih dhateng manungsa, nanging boten ajrih dhateng Allah. Sampun ngantos piyambakipun langkung ajrih kelangan kalenggahan tinimbang kelangan ajining dhiri. Sampun ngantos langkung tresna dhateng kauntungan tinimbang ngugemi bebener.

Inggih punika salah satunggaling watak patriot sejati, inggih punika wontenipun bukti katresnan

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul

dhateng bebener saha kasagedan njagi lan njejegaken bebener kanthi perjuangan ingkang tanpa kendhat.

Ma'asyiral muslimin rahimakumullah,

Kaping sekawan, bapak kedah tansah wonten, paring kawigatosan, katresnan, saha komunikasi ingkang sae kaliyan putra-putrinipun. Wonten satunggaling perkawis ingkang kita mboten kenging kesupen, inggih menika pendhidhikan karakter mboten namung kabangun lumantar dhawuh lan awisan, nanging ugi lumantar raketing sesambetan emosional antawisipun bapak kaliyan putra-putrinipun.

Sapérangan bapak tansah repot nyambut damel kangge nyekapi kabetahan nafkah kulawarga. Piyambakipun saged nyawisaken griya ingkang sae, pendhidhikan ingkang awis, ageman ingkang sae, saha maneka warni fasilitas kangge putra-putrinipun. Nanging, kadhangkala mboten gadhah wekdal ingkang cekap kangge sesarengan kaliyan anak, mirengaken cariyosipun, sambatipun, saha maneka warni perkawis ingkang saweg dipunadhepi.

Kamangka, putra-putri boten namung mbetahaken bandha saking bapakipun. Nanging ugi

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul

mbetahaken rawuhipun, kawigatosanipun, saha pangayomanipun bapak.

Sampun ngantos putra-putri kita kelangan figur bapak ingkang dados panutan lan idola wonten ing gesangipun. Perkawis menika ing jaman samenika asring dipunsebat kanthi istilah "fatherless", inggih punika icalipun utawi kirangipun peran bapak wonten ing panggesanganipun anak.

Bapak sampun ngantos mbangun sesambetan kaliyan putra-putrinipun namung lumantar duka, anceman, saha paukuman. Nanging, bangun sesambetan menika kanthi katresnan, rembagan ingkang sae, kapitadosan, saha tuladha nyata.

Amargi, anak ingkang rumaos dipun ajeni badhe langkung gampil nampi pitutur. Anak ingkang rumaos dipuntresnani badhe langkung tinarbuka anggenipun nyariosaken perkawis ingkang dipunadhepi. Lan anak ingkang pikantuk tuladha ingkang sae badhe langkung gampil ngrembakakaken karakter ingkang luhur.

Ma'asyiral muslimin rahimakumullah,

Sumangga kita sami pitaken dhateng dhiri kita piyambak: Punapa putra-putri kita namung badhe marisi bandha donya, griya, kendaraan, saha

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul

kalenggahan ingkang kita gadhahi? Utawi punapa ugi badhe marisi watak jujur, kawantunan, tanggel jawab, saha semangat perjuangan ingkang kita dadosaken tuladha?

Sampun ngantos kita kasil mbangun griya ingkang megah, nanging gagal mbangun karakter tiyang-tiyang ingkang manggèn wonten ing ngriku.

Sampun ngantos putra-putri kita dados tiyang ingkang pinter, nanging kelangan raos wantun kangge mbelani bebener.

Sumangga kita sami nyawisaken generasi ingkang mboten namung pinter ing pamikiripun, nanging ugi resik manahipun; mboten namung sukses gesangipun, nanging ugi saged paring paedah tumrap masyarakat saha bangsa.

Mugi-mugi Allah ﷻ ndadosaken putra-putri kita dados generasi ingkang iman, ngelmu, luhur akhlakipun, tresna dhateng tanah air, saha gadhah jiwa patriotisme, ingkang wantun ngupados, mbudidaya, saha ngupadi jejegipun bebener lan keadilan.

أَقُوْلُ قَوْلِيْ هٰذَا وَأَسْتَغْفِرُ اللهَ الْعَظِيْمَ لِيْ وَلَكُمْ وَلِسَائِرِ الْمُسْلِمِيْنَ،
فَاسْتَغْفِرُوْهُ إِنَّهُ هُوَ الْغَفُوْرُ الرَّحِيْمُ.

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul

Khutbah II

الْحَمْدُ لِلَّهِ حَمْدًا كَثِيرًا كَمَا أَمَرَ. وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ إِرْغَامًا لِمَنْ جَحَدَ بِهِ وَكَفَرَ. وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ سَيِّدُ الْبَشَرِ. اَللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ مَا اتَّصَلَتْ عَيْنٌ بِنَظَرٍ وَأُذُنٌ بِخَبَرٍ. أَمَّا بَعْدُ، فَيَا أَيُّهَا النَّاسُ، اتَّقُوا اللهَ تَعَالَى وَذَرُوا الْفَوَاحِشَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَنَ. إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ ۚ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا. اَللّٰهُمَّ صَلِّ عَلَى مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ مُحَمَّدٍ كَمَا صَلَّيْتَ عَلَى إِبْرَاهِيْمَ وَ آلِ إِبْرَاهِيْمَ وَبَارِكْ عَلَى مُحَمَّدٍ وَ آلِ مُحَمَّدٍ كَمَا بَارَكْتَ عَلَى إِبْرَاهِيْمَ وَ آلِ إِبْرَاهِيْمَ، إِنَّكَ حَمِيْدٌ مَجِيْدٌ. اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ، وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ، الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ، إِنَّكَ سَمِيعٌ قَرِيبٌ مُجِيبُ الدَّعَوَاتِ، يَا قَاضِيَ الْحَاجَاتِ. اللَّهُمَّ أَرِنَا الْحَقَّ حَقًّا وَارْزُقْنَا اتِّبَاعَهُ، وَأَرِنَا الْبَاطِلَ بَاطِلًا وَارْزُقْنَا اجْتِنَابَهُ. اللَّهُمَّ اجْعَلْ أَلْسِنَتَنَا وَأَقْلَامَنَا وَأَجْهِزَتَنَا شَاهِدَةً لَنَا لَا عَلَيْنَا، وَاسْتَعْمِلْنَا فِي طَاعَتِكَ وَخِدْمَةِ دِينِكَ. رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ.

Group WhatsApp :
https://chat.whatsapp.com/LLH6iduekXrCVt4tsszX7I

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul